

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON KI ENTÈDI PWOPRIYETÈ KAY YO KOLEKTE LWAYE SAN YON SÈTIFIKA OKIPASYON VALID

Cuomo: "Tout moun New York yo merite yon kote pou yo viv ki san danje epi abòdab pou yo ka santi yo lakay yo. Nouvo lwa sa a ede garanti pwoteksyon egal pou Nouyòkè yo nan chak kwen ki nan gran eta sa a epi li pral fè sila yo k'ap chèche pwofi sou kay ensalib pran responsabilite yo yon fwa pou tout".

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen lejislasyon (S.2576/A.1646) ki entèdi pwopriyete kay yo kolekte lwaye oswa kenbe yon pwosedi ekspilsyon san pèman pandan peryòd ke pa gen okenn sètifika okipasyon valid. Lwa sa a entèdi lokatè yo ak pwopriyete pou yo viv nan yon rezidans ki pa gen yon sètifika okipasyon valid. Lwa a ta elaji lwa ki egziste deja yo pou kouvri vil ki gen yon popilasyon ki gen mwens pase 325,000 moun Lwa a antre an vigè imedyatman.

"Tout moun New York yo merite yon kote pou yo viv ki san danje epi abòdab pou yo ka santi yo lakay yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo lwa sa a ede garanti pwoteksyon egal pou Nouyòkè yo nan chak kwen ki nan gran eta sa a epi li pral fè sila yo k'ap chèche pwofi sou kay ensalib pran responsabilite yo yon fwa pou tout."

Senatè Jamaal T. Bailey te deklare, "Lojman abòdab kontinye rete yon pwoblèm k'ap grandi nan eta nou an. Nou toujou konstate ke pwopriyete yo fè lokatè yo ki ap viv nan kondisyon deplworab ak danjere peye plis lajan, ak nan sèten ka, se lojman ilegal. Pwojè lwa mwen an ta entèdi pwopriyete kay yo kolekte nenpòt lwaye san yon sètifika okipasyon. Sa pral asire lokatè yo ap viv nan lojman adekwa e san danje. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li siyen pwojè lwa sa a, Lidè Majorite a Stewart-Cousins ak Oratè Heastie dèske yo asire ke pwojè lwa sa a te pase, ak Manm Asanble Pamela Hunter pou lidèchip li nan patwone pwojè lwa sa a nan Asanble a".

Manm Asanble Pamela J. Hunter te deklare, "Lokatè yo pa dwe janm gen pou aksepte kondisyon lavi ensalib ak danjere. Lè nou entèdi koleksyon lwaye a lè pa gen okenn sètifika okipasyon, nou ap ankouraje sekirite batiman. Avèk dispozisyon sa yo ajoute nan Lwa sou Rezidans Miltip la, apwòch bon sans sa a pral aplike kounye a nan vil yo atravè tout eta a".

Lejislasyon sa a baze sou pwoteksyon lokatè radikal ke Gouvènè Cuomo te siyen 14 Jen 2019 la. Yon eleman kle nan Pwogram Jistis Gouvènè a, se pake refòm sa a, yo konn rele lwa sou Establiite Lojman ak Pwoteksyon pou Lokatè (Housing Stability and Tenant Protection Act) 2019 la, ap pwomilge pwoteksyon ki pi radikal ak pi agresif pou lokatè yo nan istwa eta a, sa k'ap pwoteje lojman nan pri abòdab pou anpil milyon Nouyòkè.

Sètifika lokatè yo obligatwa anvan pwopriyetè kay yo pèmèt lokatè yo pran okipasyon lojman dapre Lwa sou Rezidans Miltip ak Lwa sou Lojman Miltip yo. Lwa sou Rezidans Miltip la aplike nan vil yo ki gen yon popilasyon 325,000 moun oswa mwens. Nan Vil New York, Lwa sou Lojman Miltip kounye a entèdi pwopriyetè yo kolekte lwaye oswa kenbe pwosedi ekspilsyon san pèman pandan peryòd kote yon inite lojman okipe nan vyolasyon egzijans sètifika okipasyon yo. Lwa sa a ta bay plis koyerans ant de lwa yo nan anpeche vyolasyon egzijans sètifika okipasyon ak ede asire ke lojman yo nan kondisyon abitab apwopriye.

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)